

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa mangrupa alat komunikasi. Komunikasi anu lumangsung dina kahirupan masarakat Sunda bisa ngagunakeun basa lisan, anu proses komunikasina ngaliwatan alat ucap katut pangdéngé diantara anggota kelompok atawa masarakat nu tangtu sarua. Basa lisan urang Sunda ogé wanoh kana basa tinulis contona dina ngarang carpon, puisi, novel, jrrd.

Pangajaran basa Sunda mibanda opat kaparigelan basa anu baris di ajarkeun ka siswa, nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis anu bener tur luyu jeung aturan tata basa. Ngaregepkeun jeung nyarita dianggap primer, sedengkeun maca jeung nulis dianggap sekunder, anu dina kahirupan sosial geus nunjukeun perananana nu kawilang gedé pisan.

Basa tinulis miboga kalungguhan nu mandeg nya éta bisa nepikeun maksud ka jalma lian kaanyaan jeung waktu nu leuwih jembar tur lega. Basa tinulis bisa digunakeun pikeun nepikeun maksud, ide, gagasan anu saluyu jeung nu dipikahayang sarta bisa ditepikeun sacara lengkep.

Nulis atawa ngarang mangrupa hiji prosés nurunkeun atawa ngalukiskeun lambang-lambang grafik nu ngagambarkeun hiji basa nu bisa dicangking ku hiji jalma (Tarigan, 1986:21).

Numutkeun Tarigan (1982:3) nu dimaksud nulis téh nya éta

Menulis merupakan suatu keterampilan berbahasayang dipergumakan untuk berkomunikasi secara tidak langsung, tidak secara tatap muka dengan orang lain. Menulis juga merupakan suatu kegiatan yang produktif dan ekspresif.

Morsey (1976:122) nétélakeun yén nulis téh nya éta

Menulis merupakan suatu ciri orang yang terpelajar atau bangsa yang terpelajar. Menulis digunakan oleh orang yang terpelajar untuk mencatat atau merekam, meyakinkan, melaporkan/memberitahukan, dan mempengaruhi; dan maksud serta tujuan seperti itu hanya dapat dicapai dengan baik oleh orang-orang yang dapat menyusun pikirannya dan mengutarakan dengan jelas, kejelasan ini tergantung pada pikiran, organisasi pemakaian kata-kata dan struktur kalimat.

Nulis dina dasarna mah lain ngan saukur ngébréhkeun basa lisan ka basa tulisan, tapi mangrupa mékanismeu ide, gagasan, jeung élmu anu ditulis dina struktur anu bener, anu koherensi, jeung nu hadé dina antar paragrap jeung bébas tina kasalahan-kasalahan mekanik saperti éjaan jeung tanda baca (Alwasilah, 2005:43). Alwasilah ogé nétélakeun yén nulis téh kamampuh hiji jalma dina nepikeun gagasanana dina hiji wacana, nepikeun bisa ditarima ku pamaca anu hétérogén boh sacara intéléktual boh sacara sosial.

Pangajaran nulis di sakola-sakola mangrupa lajuning laku tina tarékah ngaraksa jeung ngariksa basa Sunda pikeun nyitak lulusan nu ngabogaan pangaweruh.

Kamampuh dongéng kaasup kana kaparigelan basa, ngaliwatan kamapuh siswa dina nuliskeun dongéng jeung bisa ngébréhkeun kaparigelanana ngaliwatan ngaregepkeun dongéng atawa carita rayat ti kolotna.

Dongéng kaasup kama carita balaréa (folktale), jeung geus milik rayat. Dongéng dina sastra Sunda loba nu geus kahot umurna, teu kapaluruh iraha jeung saha nu ngarangna, sumeberna sacara lisan, tatalépa ti hiji jalma kanu lian tepi ka mangsa kiwari (Sumarsono, 1984:27)

Dongéng ogé kaasup kana golongan carita anu umumna carita anu parondok. Dina Dongéng sok aya bagian anu pamohalan upamana jalan carita palakuna, atawa kajadianana. Dongéng kaasup kana golongan carita anu umumna carita anu parondok. Dina dongéng sok aya bagian anu pamohalan, upamana jalan carita palakuna, atawa kajadianana. Dongéng kaasup kana wangun lancara (prosa), tapi sakapeung sok diselang ku wangun ugeran (puisi) anu disebut kawih (Rusyana, 1992:18).

Tamsyah (1997:121) nétélakeun yén dongéng téh mangrupa carita rékaan anu mere kesan pamohalan tur ukuranana pondok. Eusi dongéng téh umumna ngandung atikan moral. Upamana baé jalma bener tangtu meunang pahala, jalma salah tangtu bakal meunang siksaan atawa cilaka. Supaya maksudna tinekanan kudu ngagunakeun akal, atawa kudu hirup sauyunan ambéh répéh rapih.

Ditilik tina susunan basana, dongéng umumna ngagunakeun basa lancaran, anu ku basa ugeran ogé aya ngan teu loba, upamana kakawihan. Eusina najan loba nu teu kaharti ku akal, tapi gedéna mah ngandung atikan, pieunteungeun (Suherman, 1995:67).

Ciri-ciri dongéng numutkeun Suherman (1995:67) mibanda:

1. caritana pondok jeung basajan
2. eusina ngandung ajén atikan najan loba nu pamohalan

3. pola ngadongéngna sok angger.

Papasingan dongéng numutkeun Tamsyah (1997:122) nya éta

- a. dongéng sasatoan
- b. dongéng sasakala
- c. dongéng jalma biasa
- d. dongéng para nabi/wali
- e. dongéng pieunteungeun
- f. dongéng pamuk.
- g. dongéng babad

Sedengkeun papasingan dongéng numutkeun E. Suherman (1995:67) nya
éta

- 1. parabél
- 2. fabél
- 3. legenda
- 4. sage
- 5. mite

Unggal wewengkon ditatar Sunda umumna mibanda dongéng rayat
nyirikeun kadaéahananana, boh dina rupa dongéng, sasakala, legenda, mite, sage,
jrrd.

Kamampuh nuliskeun dongéng atawa carita rayat di SDN Tajur I nu
hususna di kelas V téh mangrupa pangaweruh siswa kana dongéng-dongéng anu
aya di Désa Tajur anu dicaritakeun ku kolotna. Kukituna panulis baris ngayakeun
panalungtikan ngeunaan kamampuh siswa di SDN Tajur I dina nuliskeun dongéng

atawa carita rayat. Dina panalungtikan ieu panulis baris nalungtik jeung nganalisis ngeunaan kamapuh siswa dina nuliskeun dongéng diantarana kasalahan siswa dina éjahan nuliskeun dongéng, kasalahan siswa dina nuliskeun basa sunda nu bener turluyu jeung ejaan, jeung nuliskeun kasalahan dina nuliskeun mekanismeu, ejahan jeung tanda baca. Salian ti éta dina panalungtikan ieu baris dipedar dongéng-dongéng atawa carita rayat naon waé nu nyampak atawa nu kapanggih dina ieu panalungtikan.

Dina pra panalungtikan, panulis geus ngayakeun survei ka SDN Tajur I Kec Cigasong Majalengka. Pra panalungtikan téh tujuanana pikeun néangan data sangkan teu hésé dina panalungtikan nu sabernera. Di SDN Tajur I panalungtik méré pancén ka siswa kelas V nu jumlah siswana 21 urang, pikeun nuliskeun dongéng atawa carita rahayat. Sanggeus dikempelkeun pancénna katitén yén siswa téh loba pisan kasalahan dina nuliskeun éjahanana.

1.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang nu diébréhkeun diluhur, aya sababaraha masalah anu aya patalina dina ieu panalungtikan.

Masalah-masalah anu bakal dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun wangun pananya ieu dihadap:

1. dongéng naon waé nu bisa dituliskeun ku siswa di SDN Tajur I?
2. kumaha kamampuh siswa di SDN Tajur I dina nepikeun galur carita dina nuliskeun dongéng?
3. kumaha kamampuh siswa di SDN Tajur I dina nuliskeun eusi dongéng?

4. kumaha kamampuh siswa di SDN Tajur I dina ngagunakeun éjahan dina nuliskeun dongéng?

1.3 Watesan Masalah

Upama niténan kana kasang tukang panalungtikan diluhur, masalah dina ieu panalungtikan baris diwatésanan, nya éta kamampuh siswa dina nulis dongéng atawa carita rayat.di desa Tajur.

1.4 Tujuan Panalungtikan

Panalungtikan ieu téh mibanda tujuan pikeun ngahasilkeun informasi ngeunaan kamapuh siswa di SDN Tajur I, diantarana:

1. mikawanoh dongéng-dongéng anu ditulis ku murid di SDN Tajur I
2. ngadeskripsiéun kamampuh siswa di SDN Tajur I dina nuliskeun dongéng basa Sunda anu luyu jeung aturan
3. ngadéskripsiéun kamampuh siswa di SDN Tajur I dina nuliskeun eusi dogéng
4. ngadeskripsiéun kamampuh siswa di SDN Tajur I dina ngagunakeun éjahan basa Sunda.

1.5 Mangpaat Panalungtikan

Hasil tina panalungtikan ieu téh dipiharep aya mangpaatna. Ieu panalungtikan téh mibanda mangpaat:

1. pikeun panalungtik bisa ngabuktikeyen yén masih aya siswa anu nuliskeun éjaan anu salah dina nuliskeun dongéng atawa carita rayat. Salian ti éta loba kasalahan-kasalahan siswa dina nuliskeun galur carita. Salian ti éta panalungtik ogé bisa wanoh kana dongéng-dongéng anu aya di Desa Tajur.
2. pikeun siswa bisa leuwih wanoh deui kana éjahan basa basa sunda nu bener jeung leuwih mikanyaho deui dongé-dongéng anu aya di sabudeureun désa Tajur
3. pikeun guru basa sunda, ngandung mangpaat bisa ngajadikeun tatapkan dina ngaronjatkeun kaparigelan jeung kamampuh siswa dina nuliskeun dongéng atawa carita rayat.

1.6 Wangenan Operasional

Dina prakna panalungtikan diperlukeun ayana informasi jeung data anu jéntré patali jeung objékna, diantarana:

1.6.1 kamampuh nulis dongéng

Kamampuh nulis dongéng nya éta kasanggupan siswa dina nuliskeun dongéng atawa carita rayat. Kamampuh siswa dina nuliskeun éjaan basa sunda anu bener anu bisa jadi wawasan pikeun siswa éta sorangan.

1.6.2 dongéng rayat

Dongéng atawa carita rayat nu ku dongéng jeung rayat. Dongéng rayat hartina carita baheula, lolobana pikeun barudak nu biasana pamohalan.

Rayat hartina somah atawa sakumna warga anu dumuk dina hiji wewengkon (LBSS, 1992:113;209). Iskandarwasid (1992:32 nétélakeun yén anu dimaksud dongéng rayat nya éta salasahiji golongan carita rayat dina wangun prosa (lancaran), anu sumebar kucara lisan, tmuwuh jeung mekar dilingkungan masarakat.

1.7 Anggapan Dasar

Arikunto (Wiranto, 1972:97), nétélakeun yén anggapan dasar nya éta Anggapan dasar atau postulat adalah sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya diterima oleh penyelidik Luyu jeung éta pamadegan, nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh nya éta

1. dongéng rayat loba sumebar di désa Tajur
2. pangajaran dongéng mangrupa bagian tina pangajaran basa Sunda di sakola-sakola sarta kaunngel dina SKKD Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan 2006
3. dongéng rayat mibanda ajén atikan anu luyu pikeun pieunteungeun sisawa di SDN Tajur I.

1.8 Metode Panalungtikan

Metode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta metode déskriptif. Metode ieu mangrupa salasahiji metode pikeun ngadéskripsikeun data nu mangrupa tulisan siswa. Metode ieu dilaksanakeun ku cara ngumpulkeun tulisan siswa anu mangrupa nuliskeun dongéng nu bakal ditalungtik dumasar kana aspék

kamampuh siswa dina nuliskeun dongéng, diantarana waé dina ngébréhkeun eusi, galur carita dongéngna, jeung ngagunakeun éjaan dina nuliskeun dongéng dina basa sunda. Metode ieu dilakukeun kucara ngumpulkeun data, nganalisis jeung napsirkeun data (Surachman, 1982:143)

1.9 Instrumen Panalungtikan

Suyatna (2002:19), nétélakeun yén Instrumen panalungtikan nya éta

Menyusun Instrumen merupakan salah satu pekerjaan penting di dalam langkah penelitian. Akan tetapi mengaumoultkan data jauh lebih penting lagi, terutama apabila peneliti menggunakan metode yang memiliki celah-celah yang mudah dimasuki unsur minat pribadi peneliti.

Sakumaha anu geus dijéntrékeun saméméhna, yén teknik anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta teknik té, tujuanana pikeun maluruh patalina kamampuh nuliskeun dongéng siswa SDN Tajur I Kecamatan Cigasong Majalengka.

Instrumen ieu panalungtikan ngawengku instrumen pamupul data nu mangrupa hasil nulis siswa, padoman pikeun meunteun, jeung deksripsi ngeunaan kriteria meunteun.

Instrumén Pamupul Data

Instrumén pamupul data nu mangrupa tés téh bisa dititénan dihandap ieu.

Pancén Nulis Dongéng:

Pék ku hidep tuliskeun dongéng nu anu aya di desa Tajur atawa dongéng nu geus apal ti kolot hidep! Minimal sakaca, tong poho nulis ngaran jeung kelas!

1.10 Populasi

Populasi nya éta objék atawa subjék anu aya dihiji wilayah jeung luyu dina nyumponan sarat-sarat nu tangtu. Populasi nya éta sakumna objék anu rék dijadikeun panalungtikan (Arikunto, 1988:157). Patali jeung masalah panalungtikan, populasi aya hubunganana jeung data, lain manusa atawa objékná (Nazir, 1983:327). Data nu dimaksud di dieu nya éta kamampuh siswa dina nuliskeun dongéng di SDN Tajur I kecamatan Cigasong Majalengka.

Anu dijadikeun populasi dina ieu panalugtikan nya éta dina nuliskeun dongéng atawa caarita rayat di SDN Tajur I Kec Cigasong, Majalengka.

1.11 Sampel

Sampel nya éta sabagian tina populasi anu ngabogaan sipat rélatip sarua jeung populasina (Sujana, 1989:85). Pon kitu deui numutkeun Arikunto anu disebut sampel téh nya éta sabagian atawa wawakil populasi anu rék ditalungtik.

Hariwijaya (2007:66) nété lakeun yén sampel nya éta

Teknik sampeling ialah cara pengambilan sampel dari populasi. Sampel juga semacam miniatur dari populasinya (Santosa&Tjiptono, 2002:80).

Sampel dina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas V SDN Tajur I nu aya 21 urang.

